

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa dina kurikulum ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Kaparigelan basa ieu salawasna silih pangaruhan dina dadasar makéna basa. Maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu wajib dikawasa ku siswa

Nurutkeun Hudgson (dina Sudaryat, 2015, kc. 9) yén maca bisa dianggap hiji prosés nu dipilampah tur dipaké ku nu maca pikeun nyangking pesen nu ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan kecap-kecap atawa basa tulis. Nurutkeun Finochiaro jeung Banomo (dina Tarigan, 2013, kc. 9) yén *reading is bringing meaning to and getting meaning from printed or written material*. Hartina maham kana harti jeung ma'na anu nyangkaruk dina bahan tulis. Ésénsi tina kagiatan maca mangrupa pamahaman bacaan.

Ari salah sahiji kaparigelan maca di sakola téh nyaéta kaparigelan maca pamahaman. Tapi aya sababaraha bangbaluh dina pangajaran maca. Ieu pasualan-pasualan kapaluruh dina sababaraha sumber. Nurutkeun Nurudin (2009, kc. 3) masarakat Indonésia budaya macana beuki héngkér, lantaran leuwih resep ningali jeung ngadéngé ngaliwatan tv, radio, atawa média éléktronik séjénna tibatan maca. Saluyu jeung katerangan siswa SMPN 40 Bandung yén kamampuh maca pamahaman siswa kurang optimal kana téks nu dibacana lantaran kurangna karep siswa kana maca komo lamun téksna panjang, sarta siswa nyapirakeun kana pangajaran basa Sunda.

Nilik kana kamekaran jaman, beuki dieu téh beuki canggih. Sacara teu langsung siswa meredih cara diajar nu leuwih modérn sangkan bisa nuturkeun kamekaran jaman. Saperti dina maca warta, lolobana siswa maca dina média éléktronik lantaran geus sagala canggih sarta babari diaksésna (*handphone jeung gadget*). Geus jarang siswa maca warta dina média citak saperti koran (Nurudin 2009, kc. 3).

Dumasar KIKD révisi 2017, salah sahiji pangajaran di sakola nyaéta pangajaran warta. Dina maham eusi warta aya sababaraha aspék nu kudu dipaluruh jeung dipihamham ku siswa. Diantarana unsur-unsur, struktur, jeung aspék basa warta. Unsur-unsur warta ngawengku 5W+1H (*What, Why, Who, Where, When, How*). Struktur téks warta ngawengku judul (*headline*), bubuka atawa intro (*lead*), jeung waruga warta. Sedengkeun aspék basa warta ngawengku éjahan, kalimah warta, undak usuk basa, jeung intonasi. Dumasar hasil obsérvasi jeung guru Basa Sunda SMPN 40 Bandung masih aya kénéh siswa anu can bisa nangtukeun unsur-unsur warta 5W+1H (*What, Why, Who, Where, When, How*), struktur téks warta, jeung kalimah warta .

Ku kituna pikeun ngungkulan éta pasualan, panulis hayang nalungtik kamampuh maca pamahaman siswa kana téks warta. Patali jeung tanggung jawab guru dina pangajaran maca, Abidin (dina Khasanah & Cahyani, 2016, kc. 163) nétélakeun yén sakuduna guru ngawanohkeun stratégi maca anu rélévan jeung kabutuhan siswa. Salah sahiji stratégi bisa digunakeun dina pangajaran maca nyaéta stratégi SQ4R. SQ4R nyaéta stratégi maca nu digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh métakognitif siswa dina maham hiji bacaan.

Ieu stratégi ngawengku genep léngkah, nyaéta *Survey* (maca saulas), *Question* (nanya), *Read* (maca), *Reflect* (ngabayangkeun), *Recite* (nyaritakeun deui), *Review* (ninjau deui). Tujuan utamana nyaéta ngaronjatkeun pamahaman siswa kana hiji bacaan tur bisa nginget eusi bacaan dina jangka waktu nu leuwih lila. Stratégi SQ4R diwanohkeun ku Thomas jeung Robinson taun 1972. Al-Tabany (2014, kc. 179).

Ieu stratégi kawilang éféktif ngabantu siswa nginget informasi dina hiji bacaan Nur (dina Al-Tabany, 2014, kc. 181). Ku ayana tahap *survey* di awal pangajaran nimbulkeun kapanasaran siswa ngeunaan matéri nu bakal diteuleuman. Siswa ogé dibéré kasempetan nyieun patalékan tur néangan jawaban sorangan. Ieu cara bisa ngarojong siswa sangkan mikir kritis tur aktif dina diajar. Ku cara ieu matéri nu diteuleuman bisa dicangking ku siswa dina jangka waktu nu leuwih lila Shoimin (2017, kc. 194).

Panalungtikan nu raket patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta *Keefektifan Penggunaan Metode SQ4R Dalam Pembelajaran Keterampilan Membaca Bahasa*

Jerman di SMA Negeri 1 Seyegan Sleman Yogyakarta (Kinanthi, 2013), aya ogé panalungtikan nu relevan lianna nyaéta Pengaruh Penerapan Strategi Pembelajaran SQ4R Terhadap Pemahaman Konsep Matematis Siswa (Studi pada Kelas X Semester Genap SMA Al-Kautsar Bandar Lampung Tahun Pelajaran 2012/2013) (Nurhasanah, 2013).

Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta objék ogé tingkatana. Dina panalungtikan saméméhna dilaksanakeun panalungtikan maca bahasa Jerman SMA kelas XI, pamahaman konsép matematis siswa kelas X. Sedengkeun nu dilaksanakeun ku panalungtik ayeuna nyaéta maca pamahaman téks warta di SMP kelas VIII. Ngaliwatan stratégi nu sarua nyaéta SQ4R dina pangajaran maca pamahaman téks warta.

Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan Stratégi SQ4R pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Téks Warta (studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VIII-A SMP Negeri 40 Bandung) penting dilaksanakeun pikeun mikanyaho pangaruh stratégi SQ4R kana kamampuh maca pamahaman téks warta, sarta miharep kamampuh maca pamahaman siswa jadi leuwih ngaronjat.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan medar kumaha pangaruh stratégi SQ4R dina pangajaran maca pamahaman téks warta (panalungtikan kuasi ékspérimén ka siswa kelas VIII-A SMP Negeri 40 Bandung taun ajaran 2018/2019). Dina ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan maca pamahaman. Dina téks warta diwatesanan ngeunaan unsur-unsur téks warta, struktur téks warta, jeung kalimah warta.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca pamahaman téks warta siswa saméméh maké stratégi SQ4R?
- 2) Kumaha kamampuh maca pamahaman téks warta siswa sanggeus maké stratégi SQ4R?

- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-A SMP Negeri Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sanggeus maké straégi SQ4R

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta nguji stratégi SQ4R pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman téks warta siswa kelas VIII-A SMP Negeri 40 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca pamahaman téks warta siswa saméméh maké stratégi SQ4R
- 2) kamampuh maca pamahaman téks warta siswa sanggeus maké stratégi SQ4R
- 3) bédana antara kamampuh maca pamahaman téks warta siswa saméméh jeung sanggeus maké stratégi SQ4R.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.2 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan stratégi-stratégi pangajaran nu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa. Hasilna dipiharep guru bisa ningkateun inovasi pangajaran sangkan teu *monoton*. Salian ti éta ogé, dipiharep sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca pamahaman.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis nu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat di antarana

- 1) pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina maca pamahaman téks warta

- 2) pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan stratégi nu luyu pikeun pangajaran maca pamahaman
- 3) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan kumaha maké stratégi SQ4R saméméh jeung sanggeus panalungtikan sarta bisa jadi salah sahiji métode nu bakal dipaké nalika panalungtik ngajar di sakola.

1.5 Raraga Nulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka nu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ngeunaan ulikan pustakan anu eusina ngawengku tiori stratégi SQ4R (Survey, Question, Read, Reflect, Recite, Review), maca pamahaman, warta, léngkah-léngkah maca pamahaman maké stratégi SQ4R dina pangajaran warta, panalungtikan saméméhna nu rélevan jeung widang nu ditalungtik, kalungguhan tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan, raraga mikir, jeung hipotesis panalungtikan.

Bab III ngeunaan métodologi panalungtikan nu ngawengu sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrum'en panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta téknik analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran, ngawengku hasil panalungtikan sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V medar ngeunaan kacindekkan, saran, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan stratégi SQ4R dina pangajaran maca pamahaman téks warta.